



Pou Piblikasyon Imedya: 07/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPÈ SANTE PIBLIK MONDYAL YO BAY
APWOBASYON AK LONG ISLAND POU ANTRE NAN FAZ 4 RE-OUVÈTI A DEMEN**

"Ekip ekspè sante piblik mondyal ki ap konseye Eta New York sou estrateji re-ouvèti li a te revize konplètman done yo pou Long Island epi li te bali apwobasyon pou li antre nan Faz 4 re-ouvèti a kòmanse demen 8 jiyè.

Pandan ke Eta nan tout peyi a ap eksperimente yon ogmantasyon nan ka yo, nou kenbe ni ospitalizasyon ba ak ka pozitif ba yo atravè travay di ak vijilans Nouyòkè yo. Sepandan, epidemi sa a poko janm ap fini, epi mwen ankouraje Nouyòkè yo kontinye pratike konpòtman de baz yo—pote mask, lave men ak distans sosyal—ki te fè gwo diferans lan nan kapasite Eta a pou konbat viris la. Gouvènman lokal yo menm jan an te jwe yon wòl vital nan ranfòse enstriksyon Eta a dekwa pou nou kapab repouse COVID-19 epi kontinye re-ouvèti gradyèl, ki baze sou done a".

Nou ap jwenn direktiv New York Forward pou re-ouvèti Faz 4 la [isit la](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)